



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo nominasyon nan administrasyon an.

"Antan n ap fè eta nou an vanse, li enpòtan anpil pou nou gen ekip ki pi bon ak pi briyan an pou ede pote chanjman toutbon pou moun New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Moun remakab sa yo gen anpil eksperyans nan sèvis piblik ak konpetans ak tenasite pou gen yon efè itil sou lavi moun New York yo, e mwen pa ka tann pou nou kontinye atake defi ki pi presan yo nan eta a dirèkteman avèk yo."

Stacy Lynch te nonmen kòm **Chèf Pèsonèl pou Gouvènè a**. Stacy ap travay nan Chanm Egzekitif la depi prèske yon ane, toudabò kòm Chèf Pèsonèl pou Gouvènè Adjwen an e pi resaman kòm Konseye Prensipal Gouvènè a. Anvan sa, Stacy t ap travay kòm Direktris Adjwent Afè Entègouvènmantal yo nan Biwo Majistra Vil New York la. Nan pòs sa a, li te jere relasyon yo ak entèraksyon yo ant ajans Vil la ak pati enterese kle yo nan kominote a ak nan gouvènman an pandan an menm tan li t ap mennen Afè Piblik pou ansyen Premyè Dam nan Chirlane McCray. Pandan li t ap sèvi nan Biwo Majistra de Blasio a pandan prèske dis lane, Stacy te travay sou yon varyete pwojè, sa gen ladan distribisyon ekipman pwoteksyon pèsonèl, elaborasyon yon kad pou pwogram Sisters and Brothers Thrive la, idantifikasyon resous pou kenbe Sant Komemoratif ak Edikatif Malcolm X and Betty Shabazz la ouvè, ak plis bagay toujou. Stacy te fonde ak mennen tou Daughters of the Movement nan tan lib li, ki se yon asosyasyon fanm ki rasanble pou kontinye eritaj sèvis ak angajman yo nan lit pou jistis ak egalite a. Stacy te resevwa yon Doktora nan Dwa nan Quinnipiac University ak yon Diplòm Lisans nan Lèza nan Hampton University.

Yo nonmen **Minelly De Coo** kòm **Direktris Adjwent Enfrastrikti**. Nan pòs sa a, li ap mennen nan tout eta a kowòdonasyon ak egzekisyon plizyè pwogram ki jwenn finansman gras a Lwa Federal Bipati sou Enfrastrikti an (Federal Bipartisan Infrastructure Law), epitou li pote sipò estratejik pou pwojè konstriksyon priyorite. Anvan li te vin travay pou Eta a, Minelly te sèvi kòm Direktris Pwojè Envestisman nan Biwo Majistra Vil New York la, kote li te jere egzekisyon pwojè konplèks ki te gen plizyè pati enterese pou Vil la. Li te kòmanse karyè li kòm ekspè-konsèy nan enjeniri ap travay nan yon gran evantay pwojè devlopman transpò piblik, pon, ak enstalasyon. Minelly gen yo Diplòm Lisans nan Syans nan Jeni Sivil li resevwa nan NYU Tandon School of

Engineering ak yon Metriz nan Syans nan Jesyon Dirab li resevwa nan Columbia University.

Yo nonmen **Sita Fey** kòm **Sekretè Adjwent pou Antrevi ak Resous Imen**. Sita te travay pi resaman kòm Sekretè Adjwent Antrevi. Li te antre nan Chanm Egzekitif la kòm Konseye Prensipal pou Ekip Tranzisyon Egzekitif la. Anvan sa, Sita te Direktris Politik nan Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets). Li te antre nan gouvènman eta a pase pa Pwogram Bousye Empire State la (Empire State Fellows Program) epi li te gen pòs Konseye Prensipal pou Kathy Hochul ki te Gouvènè Adjwen lè sa a. Anvan travay li nan leta, Sita te yon edikatrik ak yon ajan chanjman kiltirèl ki te gen pòs Espesyalis Medya Bibliyotèk Lekòl nan Cooperstown Central School, ak pwofesè elemantè ak edikatrik nan pwogram apre lekòl nan Distrik Lekòl Vil Oneonta a. Kòm rezidan fyè nan Oneonta, Sita ap patisipe aktivman nan kominote li epi li gen pòs Ansyen Prezidan Konsèy nan Opportunities for Otsego. Li gen yon diplòm Lisans nan Syans nan edikasyon timoun li resevwa nan SUNY Oneonta, yon diplòm Metriz nan Syans nan Sistèm Enfòmasyon li resevwa nan University at Albany, yon Sètifika Etid Avanse nan Administrasyon Edikasyon li resevwa nan SUNY Cortland, e li etidye Resous Imèn nan Albany Law tou.

Nicole Migliore te nonmen kòm Chèf Pèsonèl Direktè Operasyon Eta yo. Nan pòs sa a, Nicole pral ede Direktè Operasyon Eta yo jere 12 ekip pòtfèy politik ak plis pase 70 ajans ak otorite eta. Anvan li te antre nan Chanm Egzekitif la, Nicole te Direktè Kanpay Adjwen nan yon kanpay pou majistra nan Vil New York e li te sèvi anvan sa kòm Konseye nan Politik ak Afè Entègouvènmantal nan Biwo Majistra Vil New York la epi kòm Chèf Pèsonèl nan yon Biwo Manm Asanble Eta New York. Nicole se premye moun nan fanmi li ki diplome nan kolèj e li gen yon Diplòm Lisans nan Lèza nan Devlopman Dirab li resevwa nan men Columbia University. Li te grandi e li rete nan Staten Island.

Yo nonmen **Edgar Santana** kòm **Sekretè Adjwen Gouvènè a**. Edgar te travay anvan sa kòm Direktè Afè Rejyonal Sid Eta a nan Chanm Egzekitif la. Anvan li te antre nan Chanm Egzekitif la, li te sèvi kòm Direktè Afè Politik ak Gouvènmantal pou Fon Rekritman Travayè nan Rejyon Lès la (Laborers Eastern Region Organizing Fund). Pi bonè nan karyè li, Edgar te Direktè Egzekitif Adjwen Komite Demokratik Eta New York la (New York State Democratic Committee) ak Direktè Politik Nòdès Hillary Clinton pou Prezidan (Hillary Clinton for President) an 2008. Anvan pòs li yo nan Eta New York, Edgar te chita nan diferan konsèy, ap sèvi kòm Administratè pou Konsèy Edikasyon Yonkers la ak Ko-Prezidan Komite pou Dekont Konplè (Complete Count Committee) Resansmans 2020 Konte Westchester a. Li te resevwa yon Diplòm Lisans nan Administrasyon Biznis ak yon Metriz nan Administrasyon Biznis nan Fordham University. Li te resevwa tou yon Metriz nan Syans nan Jesyon Administrasyon Piblik nan Wilmington University, Wilson Graduate Center.

Yo nonmen **Todd Westhuis** kòm **Direktè Adjwen Operasyon Eta yo**. Todd travay nan plizyè pòs direksyon nan sektè piblik la. Pi resaman, Todd te Chèf Pèsonèl nan Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYSDOT). Nan pòs sa a, Todd te ede jere yon ajans ki te gen efektif pèsonèl 8,200

kote li t ap ofri sipèvizyon ak konsèy pou ede operasyon yo. Kòm Direktè Rejyonal Hudson Valley, li te sèvi kòm lidè ak administratè pi gran rejyon NYSDOT a, e li te responsab sipèvize ak jere pwogram NYSDOT yo nan Konte Westchester, Rockland, Orange, Putnam, Dutchess, Columbia, ak Ulster. Anplis pòs li yo pou tout eta a, Todd te sèvi tou nan Lane Ameriken kòm Ofisye Kavalri. Pwofesyon li se enjennye, li te resevwa Diplòm Lisans nan Syans nan Jeni Sivil li nan Rensselaer Polytechnic Institute.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418